

YUNITA ANDRI ANGGRAINI

Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah
Fakultas Basa lan Seni
Universitas Negeri Surabaya

Yunitaandri1234@gmail.com

ABSTRAK

Ecocritism minangka tintingan kang nduweni sesambungan antarane manungsa klawan non-manungsa (lingkungan alam), kabudayan, lan analisis sacara kritis ngenani panguripane manungsa lan lingkungan alam (Garrad, 2004:5). Kerusakan Lingkungan sajrone Geguritan nggambarkake kerusakan lingkungan lan sesambungane manungsa klawan lingkungan kang ana ing bebrayan kang diwujudake lumantar karya sastra awujud geguritan.

Underane Panliten iki yaiku Kepriye: (1) gegambaran kerusakan alam sajrone sajrone Geguritan Sastra Jawa Modern? (2) sesambungan antarane Manungsa klawan Alam sajrone Geguritan Sastra Jawa Modern? (3) *Nada* sajrone Geguritan Sastra Jawa Modern kang ngandharake tema Rusake Jagad? Panliten iki diajab bisa menehi paedah yaiku: (1) Tumrap panliti, diajab bisa kanggo ngecakake kawruh lan katrampilan sing wis ditampa nalika kuliyah. (2) Tumrap sastra Jawa, diajab bisa menehi sumbangan tumrap ngrembakane panliten karya sastra sing nggunakake tintingan ekokritik. (3) Tumrap piwulang sastra, diajab bisa digunakake minangka piranti anggone nyinaoni apresiasi sastra utawa kritik sastra. (4) Tumrap pamaca, diajab bisa njembarake kawruh nalika ngrembug ngenani rusake jaded kang ditintingi nggunakake ekokritik.

Panliten iki minangka panliten kualitatif kang nggunakake metodhe diskriptif kualitatif. Sumber dhatane yaiku 20 geguritan kerusakan Alam, kanthi dhata awujud tembung-tembung, ukara lan wacan kang ana gegayutan karo underaning panliten. Teknik ngolah dhata kang digunakake yaiku analisis dhata, diskripsi asil analisis, lan dudutan asil panliten.

Andharan asiling panliten mujudake maneka warna kerusakan alam sajrone geguritan sastra jawa modern mligine ekokritik karya sastra Greg Garrad yaiku: (1) Anane gegambaran rusake jagad amarga pokal gawene manungsa lan amarga kahanane alam kasebut. Banjir, longsor, alas kobong, pacéklik salah ssawijine kedaean kang bisa dadi sumber anane kerusakan alam. (2) Anane sesambungan antarane manungsa klawan lingkungan kang dirasa nduweni keterkaitan kang wigati banget. Manungsa lan jagad yaiku komponen kang ora bisa dipisahake amarga manungsa lan lingkungan yaiku subjek lan objek kanggo anane bebrayan. (3) *Nada* minangka pamawase pangrita kang gambarake rusake jagad lan pangajak supaya bisa njaga kelestarian jagad.

PURWAKA

1.1 Lelandhesane Panliten

Geguritan kalebu salah sawijining karya sastra modern ing jagade bebrayan jawa kang wujude akeh banget. Miturut periodesasine geguritan kalebu karya sastra modern. Miturut Winoto (2010, 44-46) tembung geguritan asale saka tembung lingga “gurit” kang nduweni teges tulis, gambar, nyanyian lan wujud karya sastra liyane, miturut Waluyo (2005:1) geguritan uga nduweni titikan khusus. Umume sajrone geguritan iku pangripta ngandharake panemu awujud tembung kang cekak-cekak sarta padhet kang tinulis sajrone pada-pada. Sajrone geguritan iku ana tembung utawa ukara kang asipat konotatif lan nduweni lelewanning basa kang bisa narik kawigaten pamaca.

Anane sesambungan alam lan lingkungan sajrone karya sastra nuwuhake konsep kritik ekologi sajrone sastra ing lingkup para kritisus sastra. Ekologi yaiku konsep kritik kang nduweni sesambungan jagat gumelar. Miturut Harsono (2008:31) ekologi utawa ecocriticism yaiku kajian ilmiah kang nduweni unsur-unsur tetuwuhan, kewan, lan

manungsa kang nduweni sesambungan klawan alam lan lingkungan.

Miturut Garrard (2004), ekokritisme yaiku cara nggambarkake kepriye sesambungan antarane manungsa lan lingkungan sajrone asil budaya. Ekokritisme uga nduweni sikap kritis marang gerakan-gerakan lingkungan modern. Greg Garrard ndeweni konsep-konsep kang nduweni sesambungan marang ekokritik, tuladhané yaiku : (a) pencemaran (*pollution*), (b) hutan belantara (*wilderness*), (c) bencana (*apocalypse*), (d) perumahan/pemukiman, (e) binatang (*animals*), lan (f) bumi (*earth*). Sajrone konteks 6 mau ekokritik sastra bisa diolah, bisa kontekstualitas, sahingga bisa didudut. Manungsa mesthi nduweni sesambungan klawan 6 babagan mau.

Geguritan Rusake Alam sajrone Sastra Jawa Modern iki bakal nyeritaake kahanan alam kang rusak amarga pokal gawe manungsa, efek saka apa kang dilakokna dening manungsa amarga ngrusak ekosistem alam, anane banjir lan bencana liya-liyane, banjur dadi patrap budaya ing masyarakat utawa ndadekake karakteristik ekokritik. Kaya dene bab banjir kang ana ing salah sawijine desa,

banjir kasebut ana amarga akeh manungsa kang nebangi kayu ilegal, mbuak rereget utawa sampah kang bisa ndadeake banjir ing ngendi-endi.

1.2 Underane Panliten

Adhedhasar landhesane panliten kang wus diandharake ing ndhuwur, underane panliten yaiku:

1. Kepriye gegambaran Rusake Alam sajrone Geguritan Sastra Jawa Modern?
2. Kepriye sesambungan antarane Manungsa klawan Alam sajrone Geguritan Sastra Jawa Modern?
3. Kepriye *nada* sajrone Geguritan Sastra Jawa Modern kang ngandharake tema Rusake Alam?

1.3 Ancase Panliten

Adhedhasar underane panliten mau, mula panliten iki nduweni ancas kaya ing ngisor iki:

1. Njlentrehake gegambaran Rusake Alam sajrone Geguritan Sastra Jawa Modern.
2. Njlentrehake sesambungan antarane manungsa klawan lingkungan sajrone Geguritan Sastra Jawa Modern.
3. Njenrehake *nada* sajrone Geguritan Sastra Jawa Modern kang ngandharake tema Alam.

1.4 Paedah Panliten

1. Tumrap panliti, diajab bisa kanggo ngecakake kawruh lan katramilan sing wis ditampa nalika kuliyah.
2. Tumrap sastra Jawa, diajab bisa menehi sumbangan tumrap ngrembakane panliten karya sastra sing nggunakake tintingan ekokritik.
3. Tumrap piwulang sastra, diajab bisa digunakake minangka piranti anggone nyinaoni apresiasi sastra utawa kritik sastra.
4. Tumrap pamaca, diajab bisa njembarake kawruh nalika ngrembug ngenani owahe mangsa kang ditintingi nggunakake ekokritik.

1.5 Wewatesan Panliten

Panliten iku winates ing 20 Geguritan Sastra Jawa Modern ngenani Alam yaiku Geguritan kang nduweni Tema Ekokritik kang mligine nggambarake ngenani kahanan alam kang wis rusak, geguritan kang bakal dirembung cacaheana 20 geguritan antarane taun 2013 nganti 2017.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

1.1 Panliten Sadurunge kang Saemper

Panliten sastra mligine psikologi sastra wis akeh ditemoni. Panliten saemper kang wis ditindakake, kaya ing ngisor iki.

Panliten kang wiwitan yaiku Widodo (2015) kang nduwe irah-irahan "Novel Sarongge karya Tosca Santoso Kajian Ecocritism Greg Garrad". Widodo nintingi ngenani kerusakan ekologi kang ana ing tlatah Sarongge kang alase saya suwe saya gundhul amarga pokal gawene manungsa. Manungsa ora mikir akibat apa kang bisa dumadi saka alas

kang gundhul kasebut. Panliten iki konsentrasi ana ing latar fisik kang ana sajrone novel kasebut.

Panliten kang nomer loro yaiku Julian. K (2012) ngandarake kerusakan lingkungan ana jalaran industrialisasi kang ana amarga kaum kapitalis kaya dene kang digambarake sajrone novel "Manusia Dan Lingkungan Dalam Novel Life In The Iron Mills Karya Rebecca Hardings Davis". Panliten iki mbabarake masalah sajrone novel babagan rusake alam kang digambar lumantar metafora kang ana sajrone novel kasebut.

Panliten kang nomer telu yaiku Indarwati (2012), panliten kang nduweni irah-irahan "Pemanfaatan Alam Semesta dalam cerita rakyat Sumatera Selatan" Sri Indarwati ngambarake jagad gumelar kang mulai owah saka tradisional ning masyarakat modern. Gegambaran kuwi mau bakal dijlentrehake eksplorasi alam kang ana sajrone cerita rakyat Lemang kasebut. Indarwati uga ngunakake teori ekokritik Greg Garrard.

Lan panliten pungkasan yaiku saka Ammar Akbar Fauzi taun (2009) yaiku yaiku panliten ngenani ekokritik kanthi irah-irahan "Kritik Ekoligi Dalam Kumpulan Cerpen Kayu Naga Karya Korrie Layun Rampan". Kritik kang tinemu sajrone panliten iki yaiku ngenani lingungan kang rusak. Akeh pembalakan liyar ing alas, nyolong kayu sapenake dhewe lan njalari banjir neng ngendhi-ngendi.

Saka panliten sadurunge, tuwuuh kwigaten kanggo ditliti babagan ekokritik kang dioceki. Sajrone Geguritan lingkungan iki ana pirang pirang aspek, nilai lan pasianaona kang bisa diudhari siji mbaka siji.

2.2 Geguritan

Geguritan iku minangka ekspresi pikiran kang nuwuhake pangrasa kang ngrangsang imajinasin panca ndriya kanthi tataran kang andhedhasar rasa. Kabeh mau awujud samubarang wigati kang karekam lan awujud interpretasi panyawang manungsa kang diowahi kanthi wujud paling endah (Pradopo,2003:7). Saka nadharan kasebut bisa didudut yen geguritan yaiku rerakitan tembung-tembung rasa-rasa kang nduwi wirama lan nduweni unsur endah.

Geguritan mujudake asiling reriptan, kreatifitas lan imajinasine panggurit, ora bisa uwal saka kaanan urip bebrayan. Sipat imaginatif minangka hakikate karya sastra, lan sipat konotatif sajrone bisa sastra, mujudake sawijine unsur kaendahan gkang paling onja ing jagade karya sastra. Mula saka iku, kabeh mau bisa lumebu sajrone karya sastra kang asipat lirik, epik lan dramatik. Sipat-sipat mau kang dirasa nduweni nile becik nganti ala (Pradopo, 2007: 36).

Geguritan utawa puisi jawa modern nduweni titikan yen dibandhingake kalawan puisi jawa klasik, bedane yaiku yen puisi jawa modern kuwi luwih mardika tanpa kacancang paugeran paugeran tartamtu kaya dene paugeran-paugeran kang ana sajrone puisi jawa klasik. Aminudi (2010:45) ngadharake tatacara panulisane sawijine karya sastra bisa dibedakake dadi 4 yaiku (1) karakteristik system, (2) gambaran ngenani objek. (3) gegayutan makna. (4) cara panulisane. Saka patang gegambaran kasebut bisa didudut yen karya satra bisa diperang dadi loro yaiku geguritan lan gancaran.

2.3 Ekokritik

Miturut Greg Garrard (2004), ekokritisme yaiku cara eksplorasi ngenani kepriye kita bisa ngambarake sesambungan antarane manungsa lan jagad sajrone bidang-bidang kang ngasilake budaya. Ekokritisme uga ngrembuk babagan pergerakan-pergerakan lingkungan modern. Greg Garrard nyoba miyak siji-siji konsep kang nduweni sesambungan klawan ekokritik sastra, yaiku: (a) pencemaran (pollution), hutan belantara (wideness), bencana (apocalypse), papan panggonan (dwelling), kewan (animals), lan bumi (earth).

Metode ekokritik nduweni pendekatan sajrone ekokritik yaiku pendekatan wacana lan pendekatan realita. Pendekatan wacana nengenake panliten pustaka lan pendekatan realita nengenake babagan lapangan. Antarane pendekatan wacana lan pendekatan realita nduweni fungsi timbal balik. Penerapan pendekatan kasebut nuwuhake ranah kang utama yaiku ekopolitik lan ekodrama. Ekokritik uga nduweni objek kajian kang amba antarane yaiku sastra, seni, budaya, lan liya-liyane. Sajrone panulisan ekokritik kang didadeake bahan kajian yaiku kasusastran sajrone paradigma nature-nurture-culture. Sajrone paradigma kasebut kasusastran kang ana sajrone ekosfer yaiku alam, budaya, lan reramutan.

2.3.1 Ekokritik Sastra

Ekokritik sastra yaiku salah sawijine teori kritis kang ana sajrone pendekatan mutakhir sastra jawa modern. Kodrat multidisipliner ekokritik sastra (ekologi lan sastra) nduweni sesambungan klawan teori-teori kang relevan marang kajian sastra lan lingkungan, salah sawijine yaiku teori kritis, teori sastra, teori budaya, lan teori etika lingkungan (ekologi).

Ekokritik sastra yaiku studi sesambungan sastra lan lingkungan fisik (Glotfely, 1996: xix). Garrard (2004:4) ngandharake yen ekokritik bisa eksplorasiake lan bisa ngudari masalah ekologi sajrone pamawas kang luwih amba. Sajrone fungsi media representasi sikap, pamawas, lan tanggapan masyarakat ngenani lingkungan alam (ekologi). Karridge (1998) ngandharake yen ekokritik nduweni ide utawa gagasan babagn lingkungan lan alam.

2.3.2 Kearifan Ekologi

Karifan lokal yaiku panemu-panemu saka lingkungan (lokal) kang nduweni sipat wicaksana, sarwa kearifan, lan nilai kang wis diugeme masyarakat kasebut (Sartini, 2004:111). Kearifan lokal bisa ditegesi pandangan panguripan lan kanggo strategi panguripan kang awujud aktifitas yang dilaksanaake masyarakat lokal kanggo mangsuli masalahsajrone bebrayan lan kanggo nuwuhake rasa toleransi kanggo masyarakat. Sistem kasebut nduweni pirang-pirang unsur yaiku unsur panguripan, agama, ilmu pengetahuan, ekonomi, teknologi, organisasi sosial, Bahasa lan komunikasi, sarta kesenia.

Panemu kang saemper babagan kearifan lokal uga bisa diawas saka Zulkarnain lan Ferdiyansyah (2008) yaiku prinsip-prinsip lan cara-cara tartamtu kang dianut, dimangertenin lan dicaaake masyarakat lokal kanggo sesambungan klawan lingkungan kang awujud nilai lan norma. Bisa didudut yen kearifan lokal yaiku pamawas

tradisional kang digawe paugeran masyarakat supaya ora salah tumindake, ngecaake normal an aturan kang anal an dilaksanaake turun temurun.

2.3.3 Paradigma Teori Ekokritik

Ekokritik nduweni paradigmna yen salah sawijine objek bisa diawas saka jaringan ekologise, lan ekologis bisa didadekake ilmu panyengkuyung sjrone panliten (Harsono, 2008:33). Ekokritik diripta dening William Rueckert sajrone esai "sastra dan ekologi" (Juliasih, 2012:83). Ekokritik yaiku salah sawijine studi kang nduweni sambung rakete manungsa lan non-manungsa, sejarah manungsa lan budaya kang sinambungan karo alam lan lingkungan.

Ekokritik nduwi paradigmna yen objek bisa diawas saka jaringa ekologise lan ekologi bisa digunanke kanggo ilmu panyengkuyung kritik kasebut. Anane ekokritik bisa ndadékake konsekuensi logis saka ekologi kang saya nduweni kawigaten kanggo ditliti. Teori sastra nduweni sipat multidisipliner padha karo teori ekologi. Saka teori ekokritik uag ana teori mimetik kang nduweni bobot kanggo nyengkuyung kasusastran.

2.4 Kerusakan Alam

Goldmann (sajrone Faruk, 1999:16) ngandharake menawa pamawasing jagad iku rasa eling kang kaanggep nyata lan ora kabeh pawongan bisa mangertenin. Mula saka kuwi, pamawasing jagad bisa kagamarake kanthi gamblang lan cetha kudu nintingi karya sastra kang agung. Adhedhasar kasunyatan kasebut, pamawasing jagad bisa kanthi gampang uwal saka pamawase yen sastra kuwi ngandhut sipat kang ora pati amba (Fananie, 2002:119). Karya sastra agung yaiku karya-karya kang kasil nangkep lan menehi gegambaran pamawasing jagad jelas kelas sosiale uga dadi sawijining piranti kanthi menehi paedah kanggo ngedegakake rasa eling utawa kesadaran kelas tumrap individune kango dadi anggota kelas sosiale kasebut (Faruk, 2012:162-163).

2.4.1 Rusake Alam amarga Manungsa

Bencana-bencana alam kuwi dadi sebbebe rusake lingkungan hidup amarga peristiwa alam. Senajan yen diteliti luwih rowa lan cetha bencana kaya banjir, abrasi, kebakaran hutan, lan tanah longsor uga bisa kedaden amarga anane campur tangan saka manungsa. Penyebab kerusakan lingkungan kang nomer loro yaiku amarga tingkah polahing manungsa. Kerusakan alam kang digawe manungsa iki malah luwih gedhe yen dibandingno karo kerusakan kang disebabna marang bencana utawa peristiwa alam. Iki amarga manungsa umume ngrusak terus-terusan lan tingkat kerusakan sing digawe tambah suwe saya tambah dhuwur. Kerusakan iki biasane amarga aktivitase manungsa kang ora ramah lingkungan kaya ngobong lahan ing hutan, alih fungsi hutan, pertambangan, pencemaran air, udara, bayu, lan liyan-iyane. Alam lan lingkungan hidup kuwi dadi panggon uripe manungsa. kahanan lingkungan kuwi bakal ana pengaruh langsunge kanggo uripe manungsa. Amarga iku kita kudu pinter-

pinter njaga alam lingkungan kita supaya lingkungan kita tetep resik, apik, lan adoh saka kerusakan lingkungan.

2.4.1.1 Banjir

Banjir kedadean amarga manungsa kang mbuak sampah ora neng panggone lan kurange papan kanggo ngresope banyu nalika uadan teka. Akeh got-got padha buntu amarga kebak sampah lan limbah. Kali-kali uga wis padha alih fungsi dadi pamukiman. Ora ana dalam banyu kang kudune bisa diagwe panggon nyimpen banyu. Saka akihe banyu kang ora ana panggone mula kedadean banjir, banyu mili ngebaké sawah, omah lan dalam-dalan. Ora mung rugi awake dhewe nangaing ugi bisa rugi nalika kelangan papan panggonan, sandang lan kabeh pirantine omah. Ora kabeh pawongan sadar njaga lingkungan supaya ora banjir.

2.4.1.2 Alas Gundhul

Nebangi alas keadean amarga nepsune manungsa kang ora ana watese kanggo golek dunya, wit-witan padha dadai sasran kanggo ditegor land idol kanggo pirantine omah uatawa prabotan liyane kang bisa ngasilake dhuwit. Kabeh alas padaha gundhula amarga ulah jaile manungsa dhewe. Ara ana reboisasi saka manungsa kang wis nebangi wit-witan kasebut. Saka gundule alas kasebut bakal ndadeake owahe iklim, kayata mangsa ketiga owah dadi mangsa rendheng. Cara kang efektif digunakanake yaiku ngicir wit-witan maneh utawa reboisasi atawa gunanake metode tebang pilih. Saka gundule alas kasebut akeh kewan-kewan kang mlayu ing lingkungane masyarakat.

2.4.1.3 Pencemaran Lingkungan

Pencemaran lingkungan kalebu kerusakan alam kang dumadi amarga pokal gawene manungsa. Mbuak sampah ora ing panggone, ngregeti banyu ing kali utawa sumber-sumber banyu kang mili, mbuak limbah sapenake dhewe lan sampah plastik kang dibuak sapenake dhewe, kabeh kuwi minangka pokal gawene manungsa kang ora nduweni rasa tanggung jawab lan ora nduweni rasa perduli marang kahanan alam. Manungsa ora mikirna apa kang bisa dumadi amarga ketledoran kang bisa nuwuhake bencana kasebut. Ing jaman kang saya modern manungsa kudune wis nduweni inisiatif kang luwih mendidik kepriye supaya alam bisa tetep berkontribusi kanggo manungsa.

2.4.2 Rusake Alam amarga Kahanan Alam.

Rusake lingkungan amarga proses alam yaiku kerusakan lingkungan kang disebebake amarga anane faktor saka alam. kerusakan lingkungan iki bisa kedadean secara alami tanpa ana campur tangane manungsa. Manungsa uga bisa dadi faktor kang njalari wiwitane kerusakan lingkungan secara ora langsung. Alam rusak ora mung amarga pokal gawene manungsa nanging uga bisa amarga saka alam kasebut. Kerusakan alam kang disebebake alam dhewe biasane luwih gedhe efek kang dituwuhake, ora mung efek nanging uga bisa nuwuhake korban jiwa kang ora sithik. Kerusakan alam biasane disebebake amarga gejala utawa prastawa alam kang kedadean sahingga bisa gawe alam iki ora seimbang maneh. Prastawa kasebut sakjabane tangan manungsa lan

manungsa ora bisa nyegah became kasebut. Kedaean-kedadean utawa bencana alm kang bisa ngrusak alam antarane yaiku mbledhose gunung berapi, gempa bumi, tanah longsor, banjir, badai, lan angin topan.

2.4.2.1 Mangsa Ketiga Dawa

Mangsa ketiga yaiku mangsa kang wektu iku angel nemokake banyu lan sakabehane kuwi mung panas lan garing. Kabebe katon garing : sawah, kali, sumur, lsp. Kanggo medharake rasa prihatin ngenani mangsa ketiga kang disandang, sawijine pawongan bisa ngudalake rasane lumantar geguritan kanthi migunakake basa kang endah kang bisa makili apa lang lagi dirasakake dening si pengjurit (wong kang ngripta geguritan). Babagan iki minangka salah sawijine kagiyatan *kreatif* kang bisa dilakoni dening pawongan yen lagi nandang rasa prihatin marang mangsa ketiga utawa liya-liyane.

2.4.2.1 Longsor

Miturut BNPB (2010) lemah longsor yaiku jinis bencana kang kedadean amarga obahe lemah utawa watu, kang metu saka lereng amarga anane gangguan keseimbangan saka lemah sadurunge. Longsor uga bisa ditegesi kedaean geologi kang disebabake anane watu kang obah utawa lemah amarga anane erosi. Longsor bisa ngakibatake erosi amarga gerusana banyu ing ngisor lereng kang curam, anaene saturasi kang nagkibatake udan deres, getaran gunung mbledos lan amarga wit-witan padha ditegor. Longsor bisa njalari dumadine kerusakan lingkungan kayata kerusakan lingkungan amarga bangunan, kerusakan lahan pertanian lan perkebunan, krisi banyu resik sahingga bisa njalari anae korban jiwa. Longsor uga salah sawijine bencana alam amarga obahe lemah kang bisa nuwuhake kerusakan alam. Longsor biasane njugrugna lemah ing dataran tinggi kang system ekosisteme ora sehat.

2.5 Sesambungan Manungsa Klawan Alam

Sesambungan ing kene kang dimaksut yaiku sesambungan manungsa kalawan alam saisine. Sesambungan Jagad lan manungsa diperang dadi 2 yaiki sesambungan kang ngrugekake lan sesambungan kang nguntungake. Sesambungan kang ngegekake iki kene ditegesi nalika manungsa nduweni sikap konsumtif kang keladuk lan bisa nuwuhake kerusakan alam. sesambungan mnungsa klawan jagad ing kene uga ditegesi nalika manungsa minangka penelolah lingkungan lan jagad. Mula saka kuwi manungsa lan jagad iki nduweni sesambungan kang ora bisa dipisahake.

Keraf (2010, 40), ngandharake ngenani sesambungan moral antarane manungsa klawan lingkungan utawa jagad gumelar, lan kepriye tumindake manungsa kang samestine kudu dilakokake marang lingkungan. Dadi, miturut teges iki, kepriye manungsa kudu tumindak utawa kepriye tumindake manungsa klawan alam lan lingkungan. kabeh mau gumantung saka manungsa kang ngolah apa wae kang ana ing alam iki. Alam yaiku lingkungan papan panggonan makhluk hidup supaya

bisa urip lan nduweni pirang-pirang unsur kayata lemah, banyu, lan hawa. Alam uga bisa ditegesi kesatuan panggonan karo sakabehing perkara, daya lan makhluk kang urip, yaiku manungsa lan apa kango dilakokake kanggo mempengaruhi kanggo kelangsungan panguripan lan kasajahteraan manungsa sarta makhluk kang urip liyane.

2.6 Nada/ Tone

Miturut Kennedy (2002:419) *Nada* yaiku sikap pangripta sajrone karya sastra. *Nada* minangka asil saka pangringpta kanggo nuwuhake rasa pangerten marang pamaca. *Nada* bisa arupa swara lucu, sarkastik, ironis, sedhih, nguciwani, seneng, susah utawa sikap liyane. *Nada* pangripta nduweni pangaribawan kanggo nuwuhake sesambungan antarane pamaca karo karakter kang ana sajrone karya sastra.

Nada uga bisa ditegesi kepriye sikape pangripta marang pamaos. *Nada* ana sesambungan kro tema lan lasa. Ana pangripta kag anggone ngandharake tema kanthi *nada* nggrungoni, ndhekte, nyengkuyung pamaos kanggo ngudhari prakara, masrahake ngono wae marang pamaos (Siswanto, 2013:113).

2.6 Lelandhesan Teori

Miturut Greg Garrard (2004), ekokritisme yaiku cara eksplorasi ngenani kepriye kita bisa ngambarake sesambungan antarane manungsa lan jagad sajrone bidang-bidang kang ngasilake budaya. Ekokritisme uga ngrembuk babagan pergerakan-pergerakan lingkungan modern. Greg Garrard nyoba miyak siji-siji konsep kang nduweni sesambungan klawan ekokritik sastra.

Panliten iki nggunakake tintingan ekokritik kang nengenake marang karya sastra. Kanggo nyengkuyung panliten iki, panemu saka ahli liyane uga tetep ana minangka pangajab teori kang digunakake. Bab iki diajab supaya bisa mujudake kamanungan galan masyarakat.

METODE PANLITEN

3.1 Ancangan Panliten

Panliten sajrone Geguritan Sastra Jawa Modern iki kalebu metode panliten *kualitatif* adhedhasar kasunyatan lan asipat *deskriptif* kanthi nggambareke kasunyatan dhata kang wis dikumpulake. Panliten iki nggunakake metode kang asipat *deskriptif kualitatif* yaiku sawijining panliten kang ora mbutuhake tata cara itung-itungan, nanging kanthi cara njlentrehake nggunakake basa kanggo ngonceki saben perkara sajrone panliten. kaya kango diandharake Arikunto (2006: 243).

Panliten iki nintingi salah sawijine kedadeyan sing ana sajrone karya sastra. Sepisan weruh cerita ing jagading Geguritan Sastra Jawa Modern, panliten bakal ngoleki aspek-aspek ekologi ing jagading Geguritan Sastra Jawa Modern kasebut. Pungkasane yaiku nemokake gegayutan antarane aktualisasi ing jagading ekologi sajrone Geguritan Sastra Jawa Modern. Sajrone panliten iki, Geguritan Sastra Jawa Modern iki bakal ditintingi kanthi tintingan ekokritik. Panliten iki dianalisis

kanthi metode *deskriptif kualitatif* kanthi dipandhu dening teori ekokritik.

Sesambungan manungsa bisa diperang dadi 2 yaiku sesambungan kang nguntungake lan sesambungan kang ngrugekake. Sesambungan kuwi mau ana amarga manungsa lan jagad iki padah nduweni sipat kang saling keterkaikatan. Manungsa bisa dadi objek lan subjek amarga manungsa bisa ngolah apa kang ana sakiwa tengene lingkungan. Antare manungsa lan lingkungan nduweni sesambungan kang raket banget. Rakete sesambungan kasebut uga bisa digamabare lumantar geguritan. Geguritan kang dadi medhia kanggo manungsa nyuntak apa kang dadi pamawase dhewe-dhewe. Kaya sejrone geguritan sastra jawa modern iki bakal dirembug siji-siji ngenani kepriye sesambungan manungsa klawan jagad.

3.2 Sumber Dhata lan Dhatane Panliten

Sajrone panliten iki sing dikarepake yaiku asale subjek saka dhata sing dijupuk saka Geguritan Rusake Jagad sajrone Sastra Jawa Modern. Perangan iki wigati banget sajrone panliten. Yen ora ana kelorone panliten ora bisa dilakoake amarga ora ana sing arep ditiliti. Suber dhata lan dhata panliten iki bakal diandharake ing ngisor:

3.2.1 Sumber Dhata

Sumber dhata sajrone panliten *kualitatif* yaiku awujud tembung-tembung lisan utawa tulis kang dianalisis dening panliti, utawa samubarang liyane kang katinting kanthi cetha amrih bisa mujudake makna kang sumirat, sajrone (Arikunto, 2006: 22). Sumber dhata sing kang dikarepake sajrone panliten iki yaiku subjek kang asale saka dhata kang kajupuk. Sumber dhata sing digunakake ing panliten iki arupa dhata sing tinulis sajrone Geguritan Sastra Jawa Modern saka majalah Panjebar Semangat, JayaBaya lan kaudhuh saka Internet ing taun 2013 nganti 2016.

3.2.2 Dhata

Dhata kang dijupuk yaiku wujud tembung, ukara, wacana, lan solah bawane paraga didadekake salah sawijining bukti kanggo ndhudhah perkara kang ana sajrone panliten iki yaiku ngenani maneka werna gegambarene kerusakan alam sajrone Geguritan *Rusake Alam*. Geguritan *Rusake Alam* mujudake sumber dhata internal. Saliyane sumber dhata internal uga ana sumber dhata eksternal utawa sumber dhata sekunder kang nyengkuyung panliten iki, yaiku majalah lan internet kang dadi sumber dhata kanggo panliten kang bakal ditindakake iki.

3.3 Tata Cara Panglumpuke Dhata

Kanggo ngumpulake dhata, panliten iki nggunakake metode dhokumentasi. Metode dokumentasi digunakake ing panliten iki amarga sumber dhatane arupa Geguritan *Rusake Alam*. tumrap dhata sing wis kaimpun, teknik sing digunakake yaiku arupa teknik cathet, menehi garis utawa tandha, banjur nggolong-nggolongake miturut

kabutuwane. Dene urut-urutan tata cara ngumpulake dhata yaiku ing antarane:

- 1) Teknik maca. Teknik maca iki yaiku luwih dhisik maca Geguritan *Rusake Alam*.
- 2) Teknik cathet. Teknik cathet iki kanggo ngumpulake dhata kanthi cara nyathet sakabehe dhata sing gegayutan lan dibutuhake kango panliten.
- 3) Teknik *klasifikasi*. Teknik iki kanthi cara ngolongake dhata kang wis dikumpulake saka asil proses nyathet dhata sadurunge kang luwih trep karo undering panliten.

3.4 Instrumen Panliten

Instrumen sajrone panliten *geguritan sastra jawa modern* iki yaiku panliti iku dhewe, amarga sing bakale arep nindakake panliten lan nganalisis objek panliten yaiku panliti. Kabebe mau jalanan saka panliti sing bakal tumindak minangka pangumpule dhata, nganalisis dhata, nafsirake dhata lan nyuguhake asile panliten. Kanggo nglancarake panliten kasebut, mula panliti mbuthuhake sawernaning piranti utawa alat bantu yaiku arupa buku tulis lan pulpen.

3.5 Teknik Ngolah Dhata

Teknik cara panglumpuke dhata sajrone panliten iki yaiku kanthi metodhe dheskriptif analisis. Dene tata cara nglumpukake dhata kaya ing ngisor iki.

- 1) Teknik waca, teknik iki ditindakake kanthi maca sumber dhata tinulis kang gegayutan sajrone panliten
- 2) Teknik cathet, teknik iki ditindakake kanthi nyatheti perangan kang wigati sajrone sumber dhata.
- 3) Nglompokake dhata, tahap kang ditindakake sajrone nglompokake dhata yaiku dhata-dhata kang wis dicathet dikelompokake miturut ancuse panliten.

3.6 Cara Panulisane Asile Panliten

Tata cara nulis asile panliten nuduhake upaya panulis kanggo nyuguhake asile analisis dhata. Asil analisis dhata disuguhake kanthi sistematika panulisan skripsi yaiku:

BAB I : Ngandharake purwaka kang isine yaiku bab lelandhesane panliten, underane panliten, ancasing panliten, paedaehe panliten lan wewatesaning panliten.

BAB II : Ngandharake tintingan kapustakan yaiku bab panliten sadurunge kang saemper, geguritan, ekokritik, kearifan ekokritik, ekokritik sastra, paradigma teori ekokritik, kerusakan alam, sesambungane manungsa klawan Alam, nada/tone lan lelandhesan teori.

BAB III : Ngandharake metode panliten yaiku bab ancangan panliten, sumber dhata lan dhata, teknik pengumpulan dhata, instrument panliten, teknik ngolah dhata lan cara panulisane asile panliten

BAB IV : Ngandharake yaiku bab andharan kang isine analisis saka asiling panliten

BAB V : Ngandharake yaiku bab panutup kang isisne dudutan lan pitedah

KAPUSTAKAN: Nuduhake buku-buku sumber utawa buku refrensi kang nunjang proses ekokritik.

LAMPIRAN : 20 Geguritan Sastra Jawa Modern taun 2013 nganti 2017.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

4.1 Gegambaran Rusake Alam Sajrone Sajrone Geguritan Sastra Jawa Modern

Sajrone geguritan-geguritan alam kang bakal dikaji gunaake teori ekokritik iki nyeritaake babagan alam lan dampak saka kerusakan alam. Panggurit-panggurit kang nduweni pamawas ngenanai alam nduweni rasa kang luwih wigati marang kahanane alam ing jaman saiki. Nalika lingkungan lan alam owah saka padhatan kuwi amarga ulahe manungsa dhewe. Banjir, longsor, mangsa ketiga dawa, kekeringan, kuwi kabebe amarga manungsa ora bisa njaga alam lan lingkungan kanthi cara sing bener. Alam saiki ora bisa diprediksi lan ora bisa dijakna amarga tangane manungsa dhewe kang gawe ruskae alam. Naging uga akeh papanggonan wisata kang isih dirasa asri lan alami. Kahanan kang kaya mangkono umume bisa ditemoni neng plosok desa. ing kutha wis jarang bisa ditemoni papan panggonan kang asipat alam alami. Akeh-akehe mung penghijauan kang asipat tiruan.

4.1.1 Kerusakan Alam amarga Manungsa

Kerusakan lingkungan amarga manungsa yaiku salah sawiji asil kang dilakokake manungsa lan nduweni pirang-pirang unsur kang njalari dumadine kerusakan alam. Kerusakan lingkungan yaiku salah sawijine kedadean kang nduweni sesambungan klawan lingkungan lan bisa ngakibatke korban.

Pokal kagewe manungsa kang njalari kerusakan lingkungan kasebut bisa kedaean. Saka mlakune jaman kerusakan alam wis dianggep biasa lan ora ana kang gelem wigati marang kakahane alam. Manungsa mung ngresula nalika lingkungan wis rusa, alam dirasa ora bisa kekancan klawan manungsa maneh. Pamawas-pamawas kang kaya mangkono kudune diowahi lan didandani supaya pamawas kaya mangkono ora saya ndadra. Panyebab rusake alam akibat pokal gawene manungsa yaiku alasan kang paling dhuwur lan amarga manungsa sala sawijine komponen kang nduweni rasa nepsu klawan alam. Kerusakan alam bisa diperang rong macem yaiku kerusakan lingkungan amarga manungsa lan kerusakan alam murni saka alame kasebut.

4.1.1.1 Banjir

Banjir minangka salah sawijine bencana alam kang dumadi amarga polahe manungsa dhewe. Akeh faktor kang njalari dumadine banjir kayata alas gundul, lemah kang dithukuli suket nanging dipaving, akeh wit-witan kang ora bisa nyimpen banyu, kali kang kebak sampah, lan got-got padha kesumbat sampah. Gegambaran

ngenani banjir kang nuwuahake rasa prihatin ana sajrone guguritan-geguritan ing ngisor iki.

alam donya ciptane sing Maha Kuwasa
manungsa mung di titipi njaga
kanggo sangu urip ing alam ndonya
nanging merga kaserakahane manungsa
alam jagadraya di rusak saben dina
banjir ana ing ngendi-endi
(TG, Pd 1. Gtr 9-14)

Cuplikan geguritan “ Titipane Gusti Anggitane Rianti Safitri ” nuduhake nalika ana bencana alam banjir kang dumadi amarga keserakahane manungsa. Manungsa kang dititipi mung kari ngrumat supaya alam lan lingkungan tansah bisa urip selaras karo manungsa malah dadi sasaran tangan-tangan manungsa kang ora nduwensi tanggung jawab. Ing geguritan Titipane Gusti digambarake nalika ana musibah bencana alam kang kedadean amarga manungsané dhewe kang njalari alam rusak lan saka kedadean bencana kuwi bakal ngakibana anane korban bencana, ora mung korban raja brana wae nagging nyawa bisa ilang amarga bencana alam.

4.1.1.2 Alas Gundhul

Alas gundhul minangka salah sawijine kerusakan alam kang bisa kedadean amarga pokal gawene manungsa. Manungsa nduwensi sipay sakeh lan mbabati alas kanggo keperluan pribadine tanpa mikir sapa wae kang bakal dirugekake lan bencana apa kang bakal dumadi marga pokal gawene kasebut. Gegambaran-gegambaran kasebut bakal diudari siji mbaka siji ing ngisor iki.

alamku tansah nelangsa..
amarga menungsa..
kabeh wit ing alas ditegori..
nganti padha gundul kabeh..
(Ak, Pd 1. Gtr 1-4)

Geguritan anggitane M.Luqman nyeritaake nalika akeh wit witan kang padha ditegori. Wit ing sajrone geguritan iki minangka fisik kang dadi alasan nalika alam lan lingkungan wis rusak. Alam rusak bisa diungkapna lumantar ukara “alamku tansah nelangsa, amarga manungsa”. Wit-witan kang dadi punjere saka bencana alam, saka gundule alas amarga wit-witan padha ditegor yaiku banjir, longsor, udara kang ora sehat, lan bumi kang saya panas. Saka budaya penggundulan hutan secara kang asring dilakoni manungsa kasebut bisa nuwuahake efek lan imbas kang ora becik.

4.1.1.3 Pencemaran Lingkungan

Pencemaran mujudake anane bahan pencemar kang bisa nuwuahake kerusakan alam. Bahan-bahan kang bisa dadi pencemar yaiku bahan kimia, hinggar, haba, cahaya lan tenaga kang nduwensi sipay ngrusak sahingga bisa mbebayani manungsa, lingkungan, sumber alam, ekosistem lan alam. Gegambaran kasebut ana ing ngisor iki.

Kleyang-kleyang godhong ing ngarepan
Mudal-mudal gumlethak ngebaki plataran

Godhong blimbing, jambu Bangkok, blimbing wuluh
Mosak-masik ing plataran ora kumanan kentekan semen
Got paving urunan warga gumlesah larahan pasar
(AI, Pd 5. Gtr 16-20)

Cuplikan saka geguritan kasebut nuduhake yen sistem ekologi wis owah amarga kahanane jaman. Nalika biyen isih akeh lahan kang bisa digawe ngresope banyu nalika udan nanging saiki wis owah dadi lahan kang kebak pavingan. Ing jaman biyen got isih durung pavingan, banyu kang mili bisa diresep langsung karo tanah, nanging saiki plataran, dalan lan got wis ketutup karo paving. Perkembangan jaman kang kudune bisa nguntungake alam lan manungsa malah dadi bebaya. Efek kang dituwuhake asipat ora langsung kedaean, saka ditutupe lemah kasebut bisa nadedake pencemaran tanah amarga sampah kang oraganik kang kudune bisa nyawiji klawan lemah saiki malah ora bisa nyawiji amarga ketutupan paving.

Kleyang-kleyang godhong ing ngarepan
Mudal-mudal gumlethak ngebaki plataran
Godhong blimbing, jambu Bangkok, blimbing wuluh
Mosak-masik ing plataran ora kumanan kentekan semen
Got paving urunan warga gumlesah larahan pasar
(AI, Pd 5. Gtr 16-20)

Cuplikan saka geguritan kasebut nuduhake yen sistem ekologi wis owah amarga kahanane jaman. Nalika biyen isih akeh lahan kang bisa digawe ngresope banyu nalika udan nanging saiki wis owah dadi lahan kang kebak pavingan. Ing jaman biyen got isih durung pavingan, banyu kang mili bisa diresep langsung karo tanah, nanging saiki plataran, dalan lan got wis ketutup karo paving. Perkembangan jaman kang kudune bisa nguntungake alam lan manungsa malah dadi bebaya. Efek kang dituwuhake asipat ora langsung kedaean, saka ditutupe lemah kasebut bisa nadedake pencemaran tanah amarga sampah kang oraganik kang kudune bisa nyawiji klawan lemah saiki malah ora bisa nyawiji amarga ketutupan paving. Ing jaman modern kaya mengkene manungsa krasa luwih di gamapangna anggone reresik plataran lan ora karasa jemek nalika udan teka. Bentuk –bentuk pencemaran kang dituwuhake amarga owah gingsire jaman.

4.1.2 Kerusakan Alam amarga Alam

Kerusakan lingkungan amarga alam yaiku salah sawiji asil saka bencana alam utawa owahe kahanane alam kang murni saka alam kasebut kang nduwensi pirang-

pirang unsur kanggo njalari dumadine kerusakan alam. Kerusakan lingkungan yaiku bencana kang disebabake amarga anane faktor saka alam. Kerusakan alam iki dumadi secara alami tanpa campur tangan utawa pokal gawene manungsa. Manungsa bisa dadi sebab nalika alam lan lingkungan uwi rusak lan manungsa uga bisa dadi pemicu wiwit dumadine kerusakan lingkungan nanging secara ora langsung.

Kerusakan lingkungan hidup marga faktor alam bisa disebabake anane gejala utawa prastawa alam kang dumadi secara gedhe sahingga bisa mangaribawani keseimbangan lingkungan hidup. Kedadean-kedadean kasebut sakjabane pengaruh aktifitas manungsa sahingga manungsa ora bisa nyegah dumadine bencana alam kasebut. Bencana alam kang bisa ndadekake kerusakan lingkungan lan nuwuhake korban jiwa atarane yaiku gunung kang mbledos, gempa bumi, longsor, banjir, badai, lan topan, paceklik lan tsunami. Kerusakan lingkungan amarga alam kudune dikurangi supaya alam lan lingkungan bisa terus ngayomi manungsa lan supaya alam bisa terus kontribusi kanggo manungsa. Kabeh kang dilaksanakake kuwi kanggo awake dhewe lan kanggo anak putu ing tembe mburi

4.1.2.1 Mangsa Ketiga Dawa (paceklik)

Mangsa paceklik yaiku ora anane banyu ing salah sawijine panggonan kang nduwe wektu suwe lan umume ngakibatake kerusakan lingkungan kayata kerusakan lahan pertanian lan perkebunan, mudhune kualitas lemah sahingga bisa nyuresna organisme kang ana ing sajrone lemah. Gegambaran kang kaya mangkono bisa dingertenii sajrone pethikan geguritan ing ngisor iki :

saumur-umurku durung nguningani kahanan
kaya ngene
jeneng rendheng ing akhir desember nganti
ketelatan udan
yen dirasa pancek kaya-kaya wis ora memper
apa jagad iki pancek wis owah tenanan
(NUWR, Pd 3. Gtr 16-19)

Cuplikan geguritan “Nunggu Tumetese Udan” iki gambarake mangsa kang owah saka padhatan. Ulan desember kang biasane dadi ulan berkah kanggo pra tani malah dadi mangsa susah amarga mangsa rendheng wis owah dadi mangsa ketiga dawa utawa mangsa paceklik. Pra tani kang kudune bisa miwiti icir-icir kudu ngurungna niate kanggo miwiti icir-icir jalaran mangsa wis owah. Yen ing desa, sasi desember pra tani miwiti ngicir pari amarga pari bisa urip nalika mangsa rendheng wae. Sajrone geguritan gambarake yen ing sasi kasebut durung ana udan amarga saka owahe mangsa.

Mangsa ketiga dawa akeh wong kangelan golet banyu. Mangsa paceklik diresa abot banget rekasane merga banyu pancek dadi perkara kang wigati tumrapé wong urip. Ora mung kuwi, mangsa ketiga uga akeh

pelanggan banyu ledheng padha ngangluh jere miline angger wengi wae, kahanan kaebut ora bisa dijagakna maneh amarga kahanan kang pancek wis owah saka padhatan kang samesthine ora owah mung amarga owah gingsire jaman. Jaman biyen senajan mangsa ketiga ora patiya kangelan golet banyu. Apamaneh angger ketigane ora suwe. Ya ana, ning mung nggon-nggonan kang kena dietung. Amarga mangsa rendheng banyu uga dadi prekara wigati. Tekane mangsa udan jaman saiki ora kena diprediksi maneh. nalika mangsa udan malah dadi banjir kang nuwuhake korban, intensitas banyu ora bisa dikira-kira maneh. kabeh kang keladuk kuwi ora apik tuladhané keladuk ora ana udan keladuk anane udan.

4.1.2.2 Longsor

Longsor yaiku kedadean geologi kang disebabake anane watu kang obah utawa lemah amarga anane erosi. Longsor bisa ngakibatake erosi amarga saka gerusan banyu ing ngisor lereng kang curam, anaene saturasi kang ngakibatake udan deres, getaran gunung mbledos lan amarga wit-witan padha ditegor. Gegambaran longsong kang bakal dirembug sajrone geguritan “Panandhang Anggitane Aris Rmadhan ing taun 2015” ana ing ngisor iki

Turuteng bengawan Solo mengisor
kiwo tengen sawah tegal longsor
mangsa udan riwis-riwis gawe tangis
banyu mbludag nggulung jagung, pari lan pohung
ngrusak punjering pangarep-arep
(P, Pd 1. Gtr 1-5)

cuplikan geguritan kasebut nggamarake nalika kedaden longsor ing bengawan Solo amarga anane bencana alam banjir. Longsong kang disesabake amarga dampak saka anane banjir kang ngrugekake para tani kang lagi nandur jagung, pari lan pohung. Masyarakat sadawane Bengawan Solo yaiku Bojonegoro, Babat lan Lamongan mayoritas penduduke yaiku tani. Ing tlatah kasebut saben taun mesti keterak banjir yen mangsa ketiga dawa. Kudune masyarakat ing saubengane Bengawan Solo bisa nuwuhake pamikiran kepriye supaya banjir lan longsor ora ngrugekake utamane para tani kang lagi tetanem. Ing tlatah iki ora kalebu dataran tinggi nanging amarga banjir kang ora leren ndadekake lemah ing tlatah kasebut dadi longsor.

Ing papan liyane, sawise akeh alas-alas kang padha dibabadi tanpa petungan, ndadekake papan-papan kang wis gundhul mau akeh kang padha longsor, ditambah maneh yen lemahe ing tlatah mau labil, gampang longsor. Kedadeyan-kedadeyan kang bisa dumadi saben taun mau kudune bisa dikurangi ora malah tambah akeh kedadeyane. Iku bisa katindake marang pendhudhuk lan pamarintah kanthi bebarengan njaga lestariining alam. Sakliyane iku pendhudhuk uga dijaluk tenanan anggone nduweni kesadharan tumrap pelestarian alam. Mokal menawa pendhudhuk ora nduwe kesadaran bakal ora ana banjir. Anane lemah jugrug iku amarga banyu saka dhuwur ora bisa ketahan dening wit-witan ing ereng-erenging gunung, lan sabanjure banyu mau bisa nglongsorake lemah lan dadi jugrige lemah.

4.2 Sesambungan Manungsa Klawan Alam

Manungsa yaiku mahluk ciptaan Tuhan kang nduweni fungsi lan potensi kang patuh marang aturan alam, manungsa uga nduweni sesambungan kang raket klawan alam sajrone sesambungan timbal balik positif lan negative. Alam mingka papan panggonan makhluk hidup supaya bisa urip lan nduweni pirang-pirang unsur kayata lemah, banyu, lan hawa. Lingkungan hidup uga bisa ditegesi kesatuan panggonan karo sakabehing perkara, daya lan makhluk kang urip, yaiku manungsa lan apa kango dilakokake kanggo mempengaruhi kanggo kelangsungan panguripan lan kasajahteraan manungsa sarta makhluk kang urip liyane. Lingkungan dirasa penting banget kanggo manungsa, amarga ing lingkungan manungsa bisa interaksi karo manungsa liyane. Ora mung interaksi kalawan manungsa liyane nanging uga bisa interaksi klawan alam, lan kewan. Alam lan lingkungan uga bisa muntap nalika manungsa ora bisa manfaatna apa kango kudune dijaga. Ora mbuak sampah utawa limbah sapenake dhewe minangka wujud saka keperdulian lingkungan. Yen lingkungan wis bisa dimanfaatna manungsa kanthi cara kango bener ora bakal kerusakan lingkungan saya ndadi.

Sesambungan manungsa klawan alam yaiku sesambungan kang nduweni keterkaitan lan saling mbutuhake. Ananging, pitakonan kepriye sesambungan saling mbutuhake kasebut? Kepriye alam mbutuhake manungsa lan kepriye manungsa mbutuhake alam? Pitakonan kasebut mung manungsa kang bisa aweh jawaban. Manungsa minangka khalifah ing bumi lan minangka khalifah dheweke kudu nduweni sipat kang wicaksana supaya bisa sesambungan klawan alam. Manungsa minangka makhluk ciptaan Tuhan nduweni drajat kang dhuwur tinimbang makhuk liyane amarga manungsa kang nduweni pikiran adat lan budaya. Lingkungan bisa diperang dadi telung komponen kang ana sjrone lingkungan, yaiku biotik (manungsa, kewan, lan tanduran), abiotik (banyu, lemah, lan angin), lan sosial (sosial, ékonomi, budaya, lan keséhatan masyarakat).

4.2.1 Sesambungan Manungsa klawan Alam kang asipat nguntungake

Manungsa kuwi ora bisa dipisake klawan Alam. Manungsa bisa ngolah apa kango ana sajrone Alam kanthi cara kango trep lan pener. Nalika manungsa wis bisa dadi subyek lan objek kang saling nguntungake diajab supaya Alam iki bisa tansah terus lestari. Sesambungan manungsa klawan alam kang asipat nguntungake yaiku nalika nalika alam bisa ngasilake babagan kang positif kanggo manungsa lan kabeh kuwi bisa kedadean amarga manungsa bisa ngrumat alam kanthi cara kango bener. Sesambungan Manungsa klawan Alam kang asipat

nguntungake ana ing sajrone geguritan “Esuk Iki anggitane Ariesta Widya ing taun 2016”.

Angin panceun sumilir ngrajut awak
Nanging mau bengi hawane nggodha angen
Kumepyur grimis ngruwis nggawa pengarep
Mengko udan ngadhemni bumi sing ngrantu

Woh, woh, medhot rasa gumawang
Lebu sing tumemplek lumahing godhong
Durung owah gambarane
(EI, Pd 1-2. Gtr 1-7)

Angin lan hawa minangka perangan saka alam kang dirasa penting banget kanggo manungsa. Anane angin lan hawa yaiku saka alam lan lingkungan, nalika alam lan lingkungan kuwi resik ora mokal yen angingne uga resik. Nalika akeh wit-witan ing sakiwa tengene lingkungan bakal nuwuahake anging kang seger lan sehat. Nanging nalika yen ora ana wit-witan lan lingkungan ora ana kang ngrumat, anging kang diasilake uga ora sehat lan kebak polusi. Ora bisa dibayangna nalika urip tanpa anane angina lan hawa. Anging lan hawa bisa gawe manungsa urip lan anging uga bisa gawe manungsa kelangan nyawa nanging kuwi gumantung kahanan.

Akeh manungsa kang ora mangerteni wigatine alam iki. Apa kango diasilna lan dampak apa kango bakal kedadean nalika manungsa wis acuh marang alame kaya-kaya ora digagas manungsa maneh. Lingkungan kuwi bisa nuwuahake dampak positif nalika manungsa gelem ngrumat kanthi cara sing bener. Urup sehat klawan lingkungan lan alam kuwi ora ana rugine kanggo manungsa, nanging ing jaman kang sarwa canggih lan modern iki manungsa bisa ngowahi kahanan. Anging minangka kipas kang ana ing sajrone bumi, nalika kipas mau wis ora dibutuhake lan diganti gunakne alat gawe manungsa kanggo ganteni kipas bumi supaya ora panas. Saka kemajuan jaman manungsa saya sapenake dhewe, saya acuh marang alame. Nanging ing gegeuritan isuk iku nuduhna nalika manungsa kuwi bisa urip selaras klawan alam yen manungsa gelem ngrumat kanthi cara kango pener. Kabeh mau mung kanggo antuk asil kango nguntungake kanggo awake dhewe lan alam. Manungsa lan alam lingkungan padha butuhake siji lan sijine.

4.2.2 Sesambungan Manungsa klawan Alam kang asipat ngrugekake

Akeh manungsa kang ngrudapeksa bumi kanggo kepentingane dhewe kayata babati alas nganti gundhul mung kanggo kepentingane dhewe. Akeh manungsa kang nduweni sipat serakah klawan alam nanging uga akeh manungsa kang ngrumangsani pentinge alam kanggo manungsa lan nyoba njaga alam kanthi cara njaga lingkungan saubengane supaya katon resik lan bisa nuwuahake sipat *go green*. Sesambungan kang dimaksut yaiku nalika alam lan lingkungan Sesambungan manungsa klawan jagad kang asipat ngrugekake ana sajrone geguritan “Arga iki” anggitane Siswidiadi Ngesti N.

Mataun-taun
Sira ngrusak gejer lan awakku

Makaping-kaping
Landhepe bendho lan pacul
Nyigar lemah subur dadi larik-larik
tandur
Pokalmu mblandhong sapenak
dhengkul...
(AI, Pd 1-2. Gtr 1-7)

Sajrone Geguritan “Arga iki” ana rong komponen yaiku alam lan manungsa. Kahanana kasebut nyeritaake nalika alam mau rusak amarga campur tangane manungsa. Manungsa sajrone geguritan sastra jawa modern iki nduweni peran kang gedhe lan berkontribusi dadi pengrusak alam utawa pelestari alam. Sejatine manungsa kuwi ora bisa dipedhot karo alam lan lingkungan amarga manungsa lan lingkang komponen kang padha mbuthuhake. Saka geguritan geguritan kang bakal dirembut bakal tuwuh gegambaran-gegambaran kang nyethaake kahanane alam kasebut. Saka kerusakan alam kang kedaden amarga pokal gawene manungsa lan kerusakan alam kang kedaden amarga murni saka alam kasebut.

4.3 Nada Sajrone Geguritan Sastra Jawa Modern kang Ngandharake Tema Alam.

Nada yaiku sikap pangripta sajrone karya sastra. Nada minangka asil saka pangringpta kanggo nuwuhake rasa pangerten marang pamaca. Nada bisa arupa swara lucu, sarkastik, ironis, sedhiih, nguciwani, seneng, susah utawa sikap liyane. Nada pangripta nduweni pangaribawan kanggo nuwuhake sesambungan antarane pamaca karo karakter kang ana sajrone karya sastra.

4.3.1 Nada Sedhih

Nada sedhih yaiku *nada* kang nduweni sifat pangajak nyemangati supaya manungsa gelem ngrumat alam nanging tetembungane gambarake kesusahan. gegambar kasebut ana ing geguritan Alamku Anggitane M.Luqman ana ing ngisor iki:

alamku tansah nelangsa..
amarga menungsa..
kabeh wit ing alas ditegori..
nganti padha gundul kabeh..
(Ak, Pd 1. Gtr 1-4)

Cuplikan geguritan Alamku iki nyeritaake nalika pangripta ngajak supaya manungsa sadhar pentinge alam. Pangripta nduweni pamawas yen manungsa lan alam nduweni sesambungan, alam ora bisa tuwuh subur yen ora ana manungsa lan alam ora bakal nelangsa yen manungsa bisa njaga alam kanthi cara kang bener. Alam kasebut wis gendhul amarga alas padha ditegor, saka alas kang ditegor mau bisa nuwuhake bencana alam kayata banjir, pencemaran udara lan kekeringan. Kekeringan bisa kedadean ora mung perkara ora ana udan nanging alas kang ditegori ndadekake bumi saya panas lan angel udan.

4.3.2 Nada Seneng

Nada seneng yaiku *nada* kang nduweni sifat pangajak gunakake cara kang nyemangati supaya manungsa gelem ngrumat alam lan tetembungane

gunakake rasa seneng lan bungah. gegambar kasebut ana ing geguritan Alamku Anggitane M.Luqman ana ing ngisor iki:

Noleh memburi
Nyawang bulakan sawah lan pategalan
Mandeng ijone suket lan gegodhongan
Ngulati impen kang nate gogrog sadawane dalan

Ing galengan iki sikilku nate kesandhung
Nalika kumricike banyu kalen
Gawe wirama kasepen
Nyawang abure kuntul bablas mangidul
(NM, Pd 1-2. Gtr 1-8)

Cuplikan geguritan anggitane Sumono Sandy Asmoro iki nyeritaake kahanan jaman biyen ing desa. Pangripta minangka pawongan kang ana sajrone geguritan iki nyeritaake nalika jaman biyen dheweke nate gesang ing tengahé alam kang isih katon asri, seger, ayem lan trethem. Geguritan kasebut gambarake kahanan kasebut lumantar kahanan ing sawah lan pategalan. Saka kahanan kasebut njlentrehake yen pangripta iki gesang ing padesan. Ing sawah kasebut gambarake ijone suket, tetuwuhan lan gegodhongan. urip ing desa kang sarwa sederhana iki gawe pangripta tasnsah ngeling-ngeling terus kahanan kasebut.

4.3.3 Nada Sarkastik

Nada sarkastik yaiku *nada* kang nduweni sifat pangajak nanging gunakake cara nyindir supaya manungsa gelem ngrumat alam lan tetembungane gunakake. gegambar kasebut ana ing geguritan Nalika Dlongop Padha Rontok Anggitane Tulus Setiadi.

Putih memplak wis ora ana
merga udan kang salah mangsa
anomali cuaca, ujare
kadhang tiba udan tanpa aturan
ditambah tangan-tangan srakah marahi ora
berkah
ngeruk isi bumi kanthi bubrah
aturan pemerintah wis ora paedah
kaya ngilangi mumet ning ora ngatasni
sumbere mumet
(NDPR, Pd 1. Gtr 1-8).

Cuplikan geguritan “Nalika Dlongop Padha Rontog” banjure uga ngandarake kahanan alam lan manungsa, manungsa iki kudune ora acuh marang alam kang saya suwe saya rusak. Manungsa kudune ora mung dadi penonton nalika alam iki wis nuduhake yen alam iki wis rusak lan perlu dirumati. Nalika alam iki wis rusak ora samestine manungsa iki isih durung kebuka atine kanggo nyoba keperiye carane supaya alam iki ora rusak. Ing jaman modern kaya saiki manungsa luwih mentingna rasa egoise marang alam. nalika ana alam kang katone apik lan kerumat manungsa kang ora nduweni tanggung jawab nyoba ngrusak alam kasebut.

saumur-umurku durung nguningani kahana
kaya ngene

jenenge rendheng ing akhir desember nganti
ketelatan udan
yen dirasa pancen kaya-kaya wis ora memper
apa jagad iki pancep wis owah tenanan

mbengok-a kaya ngapa bakal ora ana kang
ngrungokna
awit kabeh wis padha mbengok dhewe-dhewe
batinne amung kebak pangarep-arep
papan udan ing wanci rendheng iki bisa
ngilangi ulat kang peteng
(NTUR, Pd 3. Gtr 15-22)

Cuplikan geguritan anggitane Tulus setiadi iki nyeritaake nalika kahanan kang saya suwe saya nrenyuhake. Lingkungan kang asale endah lan asri bisa rusak kuwi kabeh amarga ulahe manungsa kang ora nduweni tanggung jawab. nalika pangripta nduwi pamawas kepriye manungsa jaman saiki kang acuh marang kahanan alam. Nalika manungsa nggunakake alam lan lingkungan kanthi cara bener, alam bakal menehi apa kang dadi kekarepane manungsa. Ora ngrusak alam lan lingkunagn salah sawijine cara kango njaga ekosistem kang wis ana. Nalika lingkungan lan alam owah saka padatan kuwi amarga ulahe manungsa dhewe. Pangripta medharake yen rasa tresna klawan alam lan lingkungan iki wis ana ing ati ora bakal ana kerusakan amarga pokal gawene manungsa.

PANUTUP

5.1 Dudutan

Geguritan-geguritan Alam kang gambarake rusake alam ing Indonesia saya suwe saya nrenyuhake. Ekokritik minangka salah sawijine kajian kang ngrembug babagan Alam lan lingkungan iki bisa ngudari apa wae kang nduweni sesambungan antarane manungsa klawan alam utamane kerusakan kang dumadi. Tingkat kerusakaning alam kuwi uga bisa nambah resiko anane bencana alam. kang dadi sebabé kerusakan alam iku ana 2; akibate kahanan alam dhewe, lan kerusakan kang diakibatke pokal gawene manungsa. Kerusakan Alam amarga kahanan alam yaiku mangsa ketiga dawa, longsor, lan alas kobong. Kerusakan alam amarga pokal gawene manungsa yaiku banjir, alas gundhul, lan pencemaran lingkungan. Saka akibat-akibat kang dumadi, banjir yaiku salah sawijine kerusakan alam kang asring banget kedadean.

Lingkungan lan manungsa kuwi ora bisa dipisahake amarga lingkungan lan manungsa kuwi komponen kang padha mbuthuhake. Lingkungan kang dirasa penting banget kanggo manungsa, amarga ing lingkungan manungsa bisa interaksi karo manungsa liyane. Ora mung interaksi klawan manungsa liyane nanging uga bisa interaksi klawan alam, lan kewan. Lingkungan uga bisa muntap nalika manungsa ora bisa manfaatna apa kang kudune dijaga. Saka manungsa lingkungan bisa tetep ngrembaka lan saka manungsa uga alam bisa rusak. Manungsa lan lingkungan kuwi satu

kesatuan kango mujudake sistem ekologi supaya alam ora rusak. Manungsa lan lingkungan ora bisa urip dhewe-dhewe. Nalika alam lan lingkungan owah kuwi amarga ana salah sawijine tangan manungsa kang ora nduweni tanggung jawab. Nganti kapan wae manungsa ora bisa pisah klawan lingkungan lan alam

Kagiyatan nyiptakake lingkungan endah ya bisa dilakokake ing masyarakat, yaiku nindakake kagiyatan resik-resik seminggu pisan lan gotong royong resik desa. Rasa nyaman kang dadi kaptinginane saben manungsa ya ora mung dadi angen-angen. Anak lan putu mbesok supaya bisa ngrasakake endahe urip ing ndonya. Isih bisa ngrasakake ragame flora fauna lan endahing alam kang dadi kebesarane Gusti Allah S. W. T. Njaga lingkungan iku ya wujud syukure awake dhewe marang Gusti Kang Maha Agung. Mula, ayo padha ningkatake kesadaran pentinge njaga lingkungan supaya urip bisa tentrem lan endah klawan alam lan lingkungan.

5.2 Pamrayoga

Saka ananae karya satra minangka babagan kang nduweni nilai positif amarga bisa ndadekake panliti nindakake apresiasi marang karya sastra. Saka anane karya sastra bisa ndadekake panliti karya sastra luwih ngrembaka. Lumantar panliten iki uga kaajab bisa nyengkuyung pangrembakan sastra ing jagading kasustaran Jawa, mligine kasusastran Jawa Modern.

Kanggo pamaca, saka anane teori ekokritik iki bisa nwuhake sipat wigati marang kahanan lingkungan alam lan bisa nuwuahake rasa sadhar yen lingkungan alam kuwi nduweni sesambungan kang dirasa wigati banget kanggo manungsa lan generasi penerus kang nduweni hak supaya bisa ngraosake endahe alam lingkungan iki.

Kanggo panliti sabanjure, nalika nindakake penelitian karya sastra nggunakake teori ekokritik kudu mangerteni yen anane adat lan budaya bisa nduweni peran kang wigati sajrone pangrembakan lingkungan alam kasebut. Panulis karya sastra kang nggunakake teori ekokritik bisa ditambah maneh, supaya panliti liyane bisa antuk pirang-pirang refrensi kanggo nemokake data, lan nalika nintigi karya sastra mligine kang nduweni sesambungan klawan alam lan lingkungan bisa nggunakake buku teori ekokritik minangka sumber acuan utama.

KAPUSTAKAN

Aminuddin. 2009. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*.

Bandung : Sinar Baru Algesindo

Arikunta, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.

Garrard, Greg. 2004. *Ecocriticism*. New York: Routledge

Glothfelty, C dan H. Froom (eds.). 1996. *The Ecocriticism Reader: Landmarks in Literary Ecology*.

London: University of Georgia Press.

Harsono, Siswo, 2008. Jurnal Ekokritik: "Kritik Sastra Berwawasan Lingkungan" Semarang:Undip.

<http://ejournal.undip.ac.id/index.php/kajiansastra/article/view/2702/pdf>. Diunduh pada tanggal 2 Januari 2017.

- Juliasih. 2012. *Manusia dan Lingkungan dalam Novel Life In The Iron Millis* Karya Rebecca Hardings Davis. Jurnal Litera (Volume 11, nomor 1, april 2012). Hlm. 83-97.
- Keraf, A. Sony. 2010. *Etika Lingkungan Hidup*. Jakarta: Kompas.
- Koetjaraningrat. 2009. *Pengantar Ilmu Antropologi, edisi revisi*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Moleong, Lexy J. 1998. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Nugraha, Firmansyah. Essai : “Sastra hijau”. <http://upacarausia.blogspot.com/p/unduh.html>. Diunduh pada tanggal 28 Agustus 2012.
- Pradopo, Rahmat Joko. 1984. *Pengkajian Puisi*. Gajah Mada University Press.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2006. *Antropologi Sastra: Peranan Unsur-Unsur Kebudayaan dalam Proses Kreatif*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2010. *Teori, Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Waluyo, Herman. J. 1995. *Teori dan Apresiasi Puisi*. Jakarta : Erlangga.
- Wellek, Rene dan Austin Warren. 1995. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia. (Kajarwan dening Melani Budianta).
- Wellek, Rene Ian Austin Warren. 1990. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.

